

Jesu Ndiye Nzira

Johani 14:6, 18-19, 23-27

6 Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri. 18 Handingakusiyei muri nherera; ndichauya kwamuri. 19 Chinguva chiduku nyika haichazondionizve, asi imi muchandiona. Nokuti ndiri mupenyu, nemiwo muchava vapenyu.

23 Jesu akapindura akati, “Kana munhu achindida, achateerera kudzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye. 24 Uyo asingandidi haateereri kudzidzisa kwangu. Mashoko amunonzwa aya haasi angu; ndeababa vakandituma. 25 “Zvose izvi ndazvitura ndichinemi. 26 Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uyo achatumwa naBaba muzita rangu, achakudzidzisai zvinhu zvose uye achakuyeuchidzai zvinhu zvose zvandakareva kwamuri.

27 Ndinokusiyirai rugare; ndinokupai rugare rwangu. Handikupei sokupa kwenyika. Mwoyo yenu ngairege kutambudzika uye musatya.

Eksodo 24:12

Zvino Jehova akati kuna Mosesi: Kwira kwandiri muno mugomo, ugare’po; ndichakupa mahwendefa amabwe anomurairo nomurau wandanyora, kuti uvadzidzise.

Eksodo 20:1-8, 12-17

Zvino Mwari akataura Mashoko awa ose akati: Ndini Jehova, Mwari wako, wakabvisa munyika yeEgipita, muimba yovuranda.

- Usava navamwe vamwari, kunze kwangu.
- Usazviitira mufananidzo wakavezwa, kana uri mufananidzo wechinhu chiri kudenga kumusoro, kanawechiri panyika pasi, kana wechiri mumvura pasi penyika. 5 Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira, nokuti ini Jehova, Mwari wako, ndiri Mwari unegodo;
- Usareva zita rajehova Mwari wako pasina; nokuti Jehova haangaregi kupa mhosva unoreva zita rake pasina.
- Rangarira zuva resabata, kuti urichengete rive dzvene.
- Kudza baba vako namai vako, kuti mazuva ako ave mazhinji panyika yaunopiwa naJehova Mwari wako.
- Usavuraya
- Usaita vupombwe
- Usaba
- Usapurira wekwako nhema.
- Usachiva imba yowokwako, usachiva mukadzi wowokwako, kana muranda wake, kana murandakadzi wake, kana nzombe yake, kana mbongoro yake, kana chimwe chowokwako.



Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu.”
Johani 14:6

Varoma 10:9

Kuti kana ukapupura nomuromo wako kuti, “Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo mako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa.

Vaefeso 2:8

Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, 9kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza.

Murayiro neVhangeri

1. Ko zvinorevei kuponeswa? (*Mwari vanoita vugaro rwavo matiri. Tiri vana vake. Anotipa rugare. Tinogara na Ye nokusingaperi kudenga.*)
2. Ko tingaponeswa sei? (*Kana tikatenda kuti Jesu akfira zvivi zvedu uye akamuka kubva kuvakafa, tinoponeswa. Iyi ndiyo mharidzo yeVhangeri.*)
3. Zvinorevei kuti takaponeswa nenyasha? (*Hatigone kuva takarurama zvokuti tive tinoponeswa pachedu. Mwari anotiponesa nokuda kwerudo rwake rukuru nesu.*)
4. Kana tichiponeswa neVhangeri, ko sei tichifanira kuchengeta mirayiro yaMwari? (*Nokuda kwekuti takaponeswa, tichada kuteerera Mwari. Tichada kuita izvo zvinofadza Mwari.*)
5. Ko mirayiro yakapiwa kunaMosesi naMwari inonzi chii? (*Inzi Mitemo Inegumi.*) Doma mimwe yemitemo iyi.
6. Nemhaka yeyi Miotemo Inegumi ichikosha nhasi uno? (*Kuburukidza nemitemo iyi, Mwari vanotidzidzisa kurarama navo pamwe nevamwe vanhu norugare.*)
7. Zvisinei kuti taedza zvakadini, hatigone kuchengeta Mitemo Inegumi. Ko ndian i akagona kutichengetera zvakakwana? (*Jesu akaichengeta zvakakwana. Nokuda kwezvaakatiitira isu, akava Nzira kunaBaba.*)
8. Mwari akati hatifanire kuva nevamwe vamwari kunze kwake. Ko ndezvipi zvimwe zvezvinhu zvinotora chinzhimbo chaMwari mumwoyo yedu? (*Mhuri yedu, musha wedu, shamwari, mari, basa.*)
9. Upenyu hauzovi nyore nokuda kwekuti tavavaKristu. Kunyaradza rudzii kunopiwa naJesu. (*Akatiudza kuti tisava vanotya. Akativimbisa Mweya wake kutichengeta tiri mukutenda.*)